



Pou Piblikasyon Imedya: 25/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 14 SIT VAKSINASYON TANPORÈ AP VINI ANLIY PANDAN SEMÈN PWOCHÈN LAN POU VAKSINEN PLIS PASE 4,200 NOUYÒKÈ

Ranfòse angajman Eta a pou asire jistis ak ekite nan pwosesis distribisyon vaksen an

Sit vaksinasyon kominotè 'tanporè' yo te pèmèt plis pase 62,500 Nouyòkè resewa premye dòz vaksen an

Sit òganizatè yo ak founisè patenè yo ap reyalize sansibilizasyon nan kominote yo a epi yo ap travay avèk lidè kominotè yo ak òganizasyon yo pou idantifye Nouyòkè ki elijib yo epi pwograme randevou vaksinasyon yo

Yo bay tout vaksen yo sou randevou sèlman; Pa gen pwèn pou antre pran sèvis

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 14 sit vaksinasyon kominotè tanporè ap vini anliy pandan semèn pwochèn lan nan legliz, sant kominotè ak biznis lokal yo. Yo prevwa sit sa yo ap vaksinen plis pase 4,200 moun pandan tout semèn lan. Depi 15 janvyè, plis pase 160 sit kominotè tanporè te administre plis pase 62,500 premye dòz nan vaksen kont COVID-19 la. Menm jan ak sitiyoasyon sit tanporè anvan yo, yo pral re-etabli sit sa yo nan twa semèn pou administre dezyèm dòz yo. Vaksinasyon yo se sou randevou sèlman epi sit pou antre pran sèvis yo pa otorize.

Alavni, kòm founiti vaksen federal la ap ogmante, New York pral kontinye etabli sit tanporè sa yo nan tout 33 Devlopman Lojman pou Granmoun Aje NYCHA (NYCHA Senior Housing Developments) yo, ki loje plis pase 7,600 granmoun aje. Yo pral kontinye etabli tou lokal tanporè yo pral nan lòt konplèks lojman piblik yo nan tout Eta a, epitou nan plis pase 300 legliz ak sant kominotè ki ofri tèt yo volontèman pou loje sit sa yo atravè Gwoup Travay sou Ekite Vaksen (Vaccine Equity Task Force) Gouvènè Cuomo a.

"Pandan n ap travay pou fè vaksen an rive jwenn kantite Nouyòkè ki posib nan fason ki pi rapid posib, li enpòtan ke rezidan yo konnen ke vaksen an pa gen danje epi li efikas, epi ke konfyans kòmmanse nan nivo kominote", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sit tanporè nou yo ki sitiye nan legliz ak lòt sant kominote a fè konfyans yo jwe yon wòl enpòtan nan kreye yon anviwònman pou Nouyòkè yo santi yo alèz pou pran vaksen an epi rekòmande li bay zanmi ak fanmi, pandan y ap apiye efò nou tou pou priyorize

egalite nan distribisyon vaksen an lè nou etabli sit sa yo dirèkteman nan kominote ki defavorize sou plan istorik yo nan tout eta a ki te frape pi di pa COVID la."

Etablisman anpil nan sit vaksinasyon sa yo te vini posib atravè patenarya yo avèk anpil founisè swen sante piblik ak prive. Sit òganizatè yo ak founisè patenè yo ap reyalize sansibilizasyon nan kominote yo a epi yo ap travay avèk lidè kominotè yo ak òganizasyon yo pou idantifye Nouyòkè ki elijib yo epi pwograme randevou vaksinasyon yo. 14 sit yo ap etabli pandan semèn pwochèn ap sitiye nan adrès ki anba la a:

VIL NEW YORK

Kings Plaza Mall

5100 Kings Plaza

Brooklyn, NY

Ouvri: Vandredi 26 mas, 9AM - 5PM

New Testament Temple

3350-56 Seymour Avenue

Bronx, NY

Ouvri: Samdi 27 mas, 9AM - 5PM

Challenge Charter Middle School

1526 Central Ave

Far Rockaway, NY

Ouvri: Samdi 27 mas, 9AM - 5PM

Chinese Consolidated Benevolent Association

62 Mott St

New York, NY

Ouvri: Vandredi 26 mas, 9AM - 5PM

Legliz Aliento de Vida (Aliento de Vida Church)

103-12 Roosevelt Ave

Corona, NY

Ouvri: Vandredi 26 mas, 9AM - 5PM

LONG ISLAND

Tanp Endou B.A.P.S Swaminarayan (B.A.P.S Swaminarayan Hindu Temple)

2 Deshon Drive

Melville, NY

Ouvri: Vandredi 26 mas, 2PM - 6PM

Alden Terrace School

1835 Central Ave

Valley Stream, NY

Ouvri: Samdi 27 mas, 10AM - 2PM **tout randevou nan sit sa ranpli

HUDSON VALLEY

Grace Episcopal Church

130 1st Street

Nyack, NY

Ouvri: Samdi 27 mas, 9AM - 4PM **tout randevou nan sit sa ranpli

Hope Community Services/City of New Rochelle

50 Washington Ave

New Rochelle, NY

Ouvri: Samdi 27 mas, 9AM - 5PM **tout randevou nan sit sa ranpli

REJYON KAPITAL

Villa Vosilla Tannersville

6302 Main St

Tannersville, NY

Ouvri: Vandredi 25 mas, 9AM - 3PM **tout randevou nan sit sa ranpli

Legliz Batis Misyonè Mòn Olivet (Mt. Olivet Missionary Baptist Church)

1068 Park Ave

Schenectady, NY

Ouvri: Samdi 27 mas, 10AM - 5PM **tout randevou nan sit sa ranpli

MOHAWK VALLEY

YMCA of the Greater Tri-Valley

301 W Bloomfield St

Rome, NY

Ouvri: Lendi 29 mas, 9AM - 3:30PM **tout randevou nan sit sa ranpli

FINGER LAKES

Rochester Riverside Convention Center

123 E Main St

Rochester, NY

Ouvri: Samdi 27 mas, 10AM - 4PM **tout randevou nan sit sa ranpli

REJYON LWÈS NEW YORK

Durham Memorial Outreach Center

200 E Eagle St

Buffalo, NY

Ouvri: Samdi 27 mas, 9AM - 3PM

Devlopman kontini sa a nan sit vaksinasyon kominotè 'tanporè' yo fè avanse manda Gouvènè Cuomo a pou asire distribisyon jis ak ekitab vaksen COVID-19 la. Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Prezidan Lig Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Depi etablisman li, Gwoup Travay la te kontinye travay pou asire kominote vilnerab ak

defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout Eta a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)